CENTRAL ASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH IF=8.8
Volume 4, Issue 04, Part 2 April 2026




# FANTASTIKALÍQ SHÍǴARMALARDA KÓRKEM WAQÍT HÁM KEŃISLIK MÁSELELERI

**Dosımbetova Elenora Arıslanbay qızı**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.19761839

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 21-aprel 2026 yil
Ma'qullandi: 23-aprel 2026 yil
Nashr qilindi: 25-aprel 2026 yil

**KEYWORDS**

*fantastika, kórkem waqıt hám keńislik, xronotop, retrospekciya, epikalıq waqıt formaları hám kategoriyaları.*

**ABSTRACT**

*Maqalada fantastikalıq shıǵarmalardaǵı kórkem waqıt hám keńislik máseleleri sóz etilgen.*

Ádebiyattıń epikalıq túrinde personajlar, olardıń táǵdirleri, turmıslıq waqıyaları, háreketleri, keypiyatı, oy-pikirleri haqqında bayanlansa, fantastikalıq shıǵarmalardı reallıq ornın qıyalıy waqıya hám personajlar iyeleydi. Ózbek ádebiyattanıwında epikalıq shıǵarmalardaǵı kórkem waqıt hám keńislik máseleleri, eń dáslep, E.Abutalieva tárepinen arnawlı izertlendi. Onda ilimpaz Orta Aziya aymaǵında rus tilinde dóretiwshilik etiwshi jazıwshılardıń shıǵarmalarında kórkem waqıt hám keńisliktiń beriliwi, epikalıq shıǵarmalarda retrospekciya, epikalıq waqıt formaları hám kategoriyaların úyrenedi [1].

Qaraqalpaq ádebiyattanıwında basqa ádebiy túrlerge salıstırǵanda epikalıq xronotop máselesine, sonıń ishinde romanlardaǵı kórkem waqıt hám keńislik kategoriyalarınıń úyreniliwine kóbirek itibar qaratıldı. Bunda filologiya ilimleriniń kandidatı P.Nurjanovtıń ilimiy jumısları ayrıqsha dıqqatqa ılayıq [2]. Ilimpaz: «Tariyxıy romanda kórkem waqıt hám keńislik kategoriyasınıń súwretleniwiniń ózgesheligi bar. Bul bárinen de burın súwretlenip atırǵan dáwir menen avtor arasında úlken waqıt kesindisiniń barlıǵı, súwretlenip atırǵan waqıyalarǵa avtordıń kózqarasınıń qosıp beriliwi menen baylanıslı. Usı sebepli, tariyxıy roman qurılısında súwretlenip otırǵan waqıt, avtor waqtı, bayanlawshı waqtı, oqıwshı waqtı – hámmesi birigip, tariyxıy haqıyqatlıqtı kórkem haqıyqatlıqqa aylandırıwǵa, avtor poziciyasın beriwge xızmet etedi» [3], – degen pikir bildiredi hám tariyxıy romanlardaǵı xronotoptıń ózgesheliklerin T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq dástanı» trilogiyası mısalında anıqlawǵa háreket etedi.

Qaraqalpaq romanshılıǵında óziniń úlken ornına iye jazıwshı Sh.Seytov romanlarındaǵı xronotoptıń beriliw ózgeshelikleri haqqındaǵı pikirler filologiya ilimleri doktorı J.Qaniyazovanıń miynetlerinde de ushırasadı [4].

Sonday-aq, qaraqalpaq ádebiyattanıwında epikalıq xronotop máselesi filologiya ilimleriniń kandidatı J.Sagidullaevanıń miynetinde arnawlı úyreniledi. Bul izertlew jumısı ózinen aldıńı epikalıq xronotopqa arnalǵan jumıslardan povest janrındaǵı waqıt hám

keńislikti arnawlı izertlegeni, kórkem waqıttıń bayanlawdaǵı áhmiyetin sóz etiwi menen ózgeshelenedi. Onda ilimpaz kórkem waqıttıń psixologiyalıq-kompoziciyalıq xızmetin U.Pirjanovtıń «Qarda qalǵan izler...», «Apreldiń sońǵı aqshamı», A.Xalmuratovtıń «Bir aqsham» povestleri mısalında analizlegen [5].

Fantastikalıq xronotopta qıyalıy waqıt hám mákán arqalı ilim, texnikanıń jetiskenlikleri nátiyjesinde keleshekte júz beriwi múmkin bolǵan qáwipten qutılıw motivi kórkem súwretlenedi [6]. Insan qıyalındaǵı tań qalarlıq qıyalıy obrazlar, hádiyseler, kórkem toqıma arqalı jaratılǵan ájayıbatlar álemi kórkem shıǵarmada fantastikalıq xronotop arqalı súwretlenedi.

Fantastikalıq xronotopta álem nızamlılıqları buzılǵan, qıyal kúshi menen jaratılǵan hádiyseler keltiriledi hám olar júz bermegen yaki júz beriw itimallıǵı bar bolıwı múmkin [7]. Biz izertlew obyekti etip alǵan talantlı jazıwshı Amangeldi Xalmuratovtıń "Jánnet baǵı" fantastikalıq romanında xronotop (waqıt hám keńislik) avtordıń dúnya, ózin qorshaǵan ortalıq haqqında kórkem- estetikalıq, filosofiyalıq kózqarasların sáwlelendiriwshi ózine tán obrazlı modeli bolıp tabıladı. « «Jánnet baǵı » romanındaǵı xronotoptıń birneshe túrleri (baǵ, Jánnet baǵı, miymanxana, 610-xana, aqsham, tań sáhár, Máńgi sáhár sayarası, bosaǵa, ayna, ustaxana, súwret t.b) qollanılıp, bul obrazlardıń hámmesi shıǵarma syujetinde avtor ideyasına bola kompaziciyalıq jaqtan bir orayǵa - "jánnet baǵı"na baylanıstırıp súwretlegen. Sonlıqtan shıǵarmanıń sırtqı ataması da "Jánnet baǵı" dep atalǵan»[8].

Epikalıq shıǵarmalarda jiyi qollanılatuǵın baǵ obrazı biz úyrenip atırǵan romanda baslı keńislik obrazı esaplanadı, shıǵarma atamasında da ("Jánnet baǵı") ushırasadı. Bunda baǵ real, haqıyqıy mánisindegi baǵ hám fantastikalıq Jánnet baǵı (diniy túsiniklerde muqaddes orın sıpatında bizge belgili) mánisinde qollanılǵan. «Dáslep, shıǵarmada baǵ obrazı bas qaharman Arturdıń jekkelikti kúsep qalǵanında barıp dem alatuǵın "Úmit otları" miymanxanasınıń jazǵı shayxanasında, onıń eń tórinde jaylasqan bir bólekshe orında (jabıq keńislekte) otırǵanda ayna diywalǵa tutılǵan perdeni jılıstırıp átirapı kók shop hám hár túrli daraqlardıń jasıl japıraqları menen oralǵan sulıw jaydı (Artur qıyalında bul jaydı Jánnet dep esaplaydı) tamashalaǵandaǵı ishki oyları (monologı)nda beriledi. Bunda ayna, diywal, shegara keńisligi ashıq hám jabıq keńislik ortasındaǵı sheshiwshi aralıq mákan xızmetin atqaradı» [8].

Romanda taǵı dıqqatqa ılayıq keńislik obrazı bul – bólme (xana) xronotopı. Dúnya ádebiyatında Raskolnikovtıń jınayattı rejelestirgen ijara xanası (F.Dostoevskiy «Jınayat hám jaza» romanı), Gregor Zamzanıń jánlikke aylanıp, óz shańaraǵınan jasırınıp otıratuǵın xanası (F.Kafka «Jemiriliw» shıǵarması), Jonsidiń ólimin kútip aynadan gúzgi japıraqlarǵa qarap jatatuǵın xanası (O'Genridiń «Sońǵı japıraq» gúrrińi), qaraqalpaq ádebiyatında Erjan Serjanovtıń kitaplardıń súwretlerin diywalına sızdırıp qoyǵan xanası (T.Qayıpbergenov «Kózdiń qarashıǵı» romanı), Qasım Muratovtıń ótken ómirin eslep jatatuǵın palatası (K.Mámbetov «Hújdan» romanı), I.Yusupovtıń «501-komnata»sı, B.Genjemuratovtıń lirikalıq qaharmanınıń kireyde turǵan xanası (B.Genjemuratov «Kireyge turǵan bólmem haqqında») kópshilikke belgili.

Romanda Artur "Úmit otları" ateliniń 610-xanasına baradı. Bunda oǵan Pir járdem beredi. Artur ol jerge aldın da barǵanın esine aladı. Ol birinshi barǵanında óziniń kishkene dáwirlerin, jaslıǵın kóredi. Keyingi barǵanında bolsa úsh adamdı kóredi, olardan biri er adam, ekewi hayal. Olar Asmanıy laqaplı shayır jigit, Janna isimli (Artur oǵan "Jánnet" dep at qoyǵan boladı) hayal hám Shaxzada atlı (Asmanıy onı "Qaqnus" ataydı) jas sulıw qız edi.

Ilimpaz J.Sagidulaeva olar tórtewin birlestirgen nárse, kewillerdiń pákleniwi, ruwxıy kámalatqa erisiw niyeti ekenligin atap kórsetedi. Sonıń ushın da, bul tórt qaharman usı 610-xanada mánǵige qalıwdı, ózlerin ruwxıy páklikke jetkizetuǵın "Jánnet baǵı"nan ayırılıp qalmawdı qáleydi. Romanda bólme xronotopı qaharmanlar ushın islegen gúnalarına pushaymanlıq sezimlerin bildiretuǵın qupıya orındı bildirse, bosaǵa xronotopı qaharmanlardıń «páklik jánneti bosaǵasınan ótiw»inde kópir wazıypasın óteydi. Máselen, romanda ustazınıń hayalı menen baylanıs jasap awır gúnaǵa batqan Lilla Asmanıydıń, islemegen gúnası (bir baslıqtıń kewlin awlamaǵanı) ushın ruwxıy azapta júrgen Qaqnustıń, "birinshi bosaǵanin ıqlasına, ulama qayın atasınıń ǵarǵısına qalıp" baxtı kelispegen Jánnettiń, "sheksiz adasıwlardan ibarat bolǵan bul dúnyada usı tirishilikke qos qollap asılıp alıp, gúnalarǵa belshemizden batıp jasawdan azarlanbaslıqtan, sawaplı islerimizden úmitdar bolıp, gúnalı soqpaqlarda sergizdan bolıp jasap atırǵan"ın hújdanı aldında eń awır gúna dep esaplaytuǵın Arturdıń tereń ishki tolǵanısları "Úmit otları" (bul jerde miymanxananıń ataması da tiykarǵı ideyası menen baylanıslı atalǵan) miymanxanasındaǵı 610-xana, tún, bosaǵa xronotopları arqalı ashıp beriledi [8].

Al, tún xronotopı qaraqalpaq prozasında, sonıń ishinde qaharman ruwxıy páklenetuǵın waqıttı bildirse, ekinshiden, epikalıq qaharman ruwxıy tolǵanıslarǵa beriletuǵıń psixologiyalıq (ótmish penen baylanılı retrospeksiyalıq, keleshek penen baylanıslı prospeksiyalıq) waqıttı ańlatadı.

Romanda avtor "Jánnet baǵı" obrazı arqalı bir-birewdi túsinip, bir-birewge mehir qoyıp, bir-birewdi biradar tutıp jasaw ushın zárúr bolǵan ruwxıy páklikti, kewil pákligin tiykarǵı ideya etip kóteredi.

Túrk ádebiyatında jazıwshı Mahmud Ozaydıń «Jánnet baǵı» shıǵarması belgili. Onı ózbek tiline Hikayat Mahmudova awdarǵan. Biz bul shıǵarmanı internet saytınan oqıp tanıstıq [9]. Shıǵarma qaharmanı muǵallim bolıp kóp jıllar kishkene qalashada jasap kelgen Haydar Gurer ismli kisi. Onıń kishkene baǵı bar bolıp, baǵqa mámlekettegi barlıq miywelerdiń eń jaqsı túrleri egilgen. Qalashaǵa kelgen hárqanday adam usı baǵqa kelip miyman bolıwdı niyet etedi. Sebebi, bul baǵ adamlar ushın eń payızlı, ilham beriwshi hám dem alıw ushın qolaylı jer. Haydar qay jerde jaqsı miywe bar ekenligin esitse boldı, tap sol miyweden nál ákelip otırǵızadı, baǵdaǵı hárbir nálge perzentindey qaraydı. Qalashadaǵı derlik hámme onı ustaz sıpatında húrmet etedi, bayramlarda hayalı hám ózine sawǵalar jiberedi. Bir kúni Haydar baǵdaǵı eń qartayǵan alma teregine kózi túsedi. Alma kóp miywe salǵan, biraq qasındaǵı nállerdiń ósiwine kesent etip atır edi. Baǵman almanı shawıp taslawdı oylaydı. Jazıwshı usı jerde alma tereginiń qayǵısın, qaltırap turǵan japıraqların, ishki keshirmelerin sheber súwretleydi. Alma teregi shawılǵannan keyingi ómiri haqqında qayǵıradı, onıń shaqalarınan stol, stullar soǵıwın, qalǵanların otqa jaǵıp jiberiwi haqqında qasındaǵılarǵa aytıp beredi. Baǵman bolsa mánǵi jánnet baǵında qalıw ushın jas nállerge súyenish aǵash wazıypasın atqarıwı múmkinligin aytıp, shawılǵan almadan tirepberdi aǵash jasaydı hám mınaday deydi: «Eger jaslarǵa ózlerin tutıp alıwı ushın járdem berseń, seniń ómiriń mánǵilik dawam etedi».

Keltirilgen shıǵarmada da jánnet baǵı xronotopı ruwhıy pákleniw ornı sıpatında berilgen. A.Xalmuratovtıń «Jánnet baǵı» romanında «- Biradarlıqtıń jaqsı shártleriniń biri jıǵılǵandı turǵızıw hám páklewden ibarat boladı, -dedi Artur isenimli dawıs penen, sen qolıńdı sozdıń, men qolıńnan tarttım, bunnan bir murat hasıl boldı. Endi kewil jánnetinen, páklik jánnetti bosaǵasınan ótpegimiz zárúr. Bul ushın qupıya gúnalarımızdı áshkara tán alıw arqalı

pákleniwden baslaymız…Qalay da, úlken maqsetke birlikte qol urmastan aldın ózimizdi tanıp, kimligimizdi anıqlap alayıq» [10] degen pikirinen keyin bólmedegi tórt adamnıń hár biri ózleriniń ómirde islegen gúnaların tán alıp, ózligin tabıwǵa háreket etedi, ruwxıy pákleniwge jol aladı. Al, Mahmud Ozaydıń «Jánnet baǵı» shıǵarmasında ruwhıy pákleniw basqalarǵa járdem qolın soziw arqalı ámelge asıwı múmkinligi, kimde-kim basqalar ushın súyenish bolsa ómiri jánnet baǵında máńgilikke dawam etiwin sheberlik penen ashıp bergenligin kóriwimizge boladı.

Sonday-aq, jáhán ádebiyatında belgili jazıwshı Ernest Xemingueydiń «Jánnet baǵı» romanı belgili. Bul shıǵarmada joqarıdaǵı jánnet baǵı xronotoplarınan ózgesheliklerge iye. Romandı avtor 15 jıl dawamında jazǵan, biraq tamamlay almaǵan (1986).

Romannıń «Jánnet baǵı» degen atama menen atalıwı Injildegi simvollıq mazmunǵa tiykarlanǵan syujet penen baylanıslı. «Jánnet baǵı» (The Garden of Eden) ataması qaharmanlardıń dáslepki "gúnásız" halatı hám keyingi óz baxıtların joǵaltıp alıwı menen baylanıslı. Adam Ata hám Hawa Eneniń jánnetten quwılıwı sıyaqlı Devid hám Eden dáslep Fransiya qırǵaǵında "Jánnetmákán" ómiri keshiredi. Biraq, "qadaǵalanǵan miywe" (yaǵnıy úshinshi adam Maritanıń olardıń turmısına aralasıwı) bul tınıshlıqtı buzadı. Devidtiń shıǵarmaları onıń jeke jánneti edi, biraq hayalınıń aralasıwı onıń ishki jánnetin wayran etedi. Shıǵarmanıń bazı jerlerinde hayalın "Iblis" dep atawınıń sebebi de sonnan bolsa kerek.

Demek, hárbir adamnıń óz shegaraları ol ushın jánnet baǵı. Ol jerde erkin pikirlewi, dóretiwshilik etiwi, súyiwi, súyiliwi múmkin. Bul baǵdı ózgertiwge urınıw bolsa, kewillerdegi tınıshlıqtı, páklikti joq etip, onıń ornına gúnálardı hám jawızlıqlardıń kóbeyip ketiwine sebep bolatuǵınlǵı romanda jánnet baǵı xronotopı arqalı súwretlengen.

Juwmaqlap aytqanda, A.Xalmuratovtıń «Jánnet baǵı» romanında tún, aqsham, baǵ, bólme sıyaqlı waqıtlıq hám keńislik obrazları keltirilgen. Olardıń hárbiri shıǵarma kompoziciyasın dúziwde qatnasadı, jazıwshınıń aytajaq bolǵan ideyasın, kórkem pikirin jetkerip beriwde úlken xızmet atqaradı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Абуталиева Э. Пространство и время в русскоязычной прозе Среней Азии. Дисс. канд. филол. наук. Тошкент, 1993. //www.dsLib.net.
2. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы (композициялық ҳәм жанрлық-стильлик өзгешеликлери). Нөкис, «Билим», 2008.
3. Нуржанов П. Тарийхый романларда көркем ўақыт ҳәм кеңислик. // «Әмиўдәрья», 2000, №6. –Б.110.
4. Қаниязова Ж. Ш.Сейтовтың «Шырашылар» романында характер жаратыў усыллары. // ӨзРИАҚҚБ хабаршысы, 2007, №1, 123-125-бб.
5. Сагидуллаева Ж. Эпикалық баянлаўда көркем ўақыт мәселеси. // Бердақ атындағы ҚМУ хабаршысы, 2012, №3-4. –Б.119-122.
6. To'rayeva B. Xronotop poetikasining o'ziga xos xususiyatlari // «FarDU. Ilmiy xabarlar – научный вестник. ФерГУ» "Scientific journal of the Fergana State University"». 2022, №3. – Б.127.
7. Ko'chimov U. Fantastik asarlarda badiiy psixologizm konsepsiyasi (Rey Bredberi va Hojiakbar Shayxov ijodi misolida): Filol.fan.fals.d-ri. ...diss. – T., 2021. – 143 b.
8. Sagidullaeva J. Amangeldi Xalmuratovtıń «Jánnet baǵı» romanınıń janrlıq-stillik ózgeshelikleri // «Házirgi qaraqalpaq filologiyasınıń áhmiyetli máseleleri».

(M.Nurmuhammedovtıń 90 jıl tolıw múnásibeti menen) atamasındağı xalıqaralıq ilimiy-teoriyalıq konferenciya maqalalar toplamı. Nókis, 2020, – B. 75-79.
9. Ozay M. Jannat bog'i // https:// n.ziyouz.com/portal-haqida/xarita/jahon-nasri-onlayn-antologiyasi/tarjimai-hollari-kiritilmagan-adiblarning-asarlari/mahmud-ozay-jannat-bog-i-hikoya
10. Халмуратов А. Жәннет бағы. // «Әмиудәрья», 1998, №5.

INNOVATIVE ACADEMY